JÀNGAT BU YAATU CI YOON

Yiy Sàmm Liggéeykat YEPP ci Réewu New York

Kayitu xibaar yii ab jàngat bu yaatu la ci yoon yi ci Réewu New York yi lay àar yaw liggéeykat bi. Banqaas bi Yore wàllum Liggéey ci Réewu New York, di saytu yile yoon, dafay àar BEPP liggéeykat ci càcc peyoor, te du seet ci nekkinu doxandeem. Booy liggéey ci Réewu New York, moo xam sax nga nekk ku amul ay kayit, wala doxandeem, na nga xam ni yoon mi ngi lay àar. Ci sunu réew mi, jëwriñu liggéeykat yi war nañu fey peyoor gu yées gu ñu yoonal gi ci liggéeyu diiru waxtu ak yeneeni njariñ yu ñuy lim ci kanam.

PEYOOR GU YÉES GU ÑU YOONAL GI LU WAR LA

Bépp liggéeykat am na sañ-sañ ci jot peyoor gu yées gu ñu yoonal gi ci bépp liggéey ci diiru waxtu. Bokk na ca liggéeykat yi ci fast food yi, ligéeykatu bérab yiy taaral ay tànk, liggéeykat yiy jot ay neexal, ci lu jotewul dara ak seen nekkinu doxandeem.

BÉRAB	PEYOOR GU YÉES GU ÑU YOONAL (LI KO DALEE CI 01/01/2026)	LIGGÉEYKAT YIY JOT NEEXAL* (LI KO DALEE CI 01/01/2026)	LIGGÉEYKAT YIY JOT AY NEEXAL CI WÀLLU LIGGÉEY CI WÀLLU ÑAM* (LI KO DALEE CI 01/01/2026)
Dëkku New York	**$17.00 ci waxtu wi**	$14.15 Peyoor $2.85 Neexal	$11.35 Peyoor $5.65 Neexal
Long Island ak Westchester	**$17.00 ci waxtu wi**	$14.15 Peyoor $2.85 Neexal	$11.35 Peyoor $5.65 Neexal
Yeneen bérab yi ci Réewu New York	**$16.00 ci waxtu wi**	$13.30 Peyoor$2.70 Neexal	$10.70 Peyoor $5.30 Neexal

Yoon yu Réewu New York may na jëwriñu liggéeykat yi ci bérab yu melni otél, fu ñuy lekkee ak jaayee ay lekk, ak fu ñuy toggee ñuy xayma boole li liggéeykat bi di jot bu fekkeene lumuy jot ci ay neexal matee na ko. Ci misaal, ab bérebu jaayukaay lekk ci Dëkku New York mën na fey $11.35 ci waxtu wi (luñuy woo wee “peyoor”), bu fekkee ni liggéeykat bi mi ngi jot lu tollu ci $5.65 ci waxtu wi ci ay neexal ci bés boobu (li ñuy woowee “neexal”). **Boole nañu ci ñiy liggéeye ci bérebu jaayukaay lekk yi**, ñiy joxe ñam yi, ñiy seddale naan yi, ak ñiy déjj ndabi ñam yi. Yóbbu katu lekk yi ñoom BOKKU ñu ci. **Liggéeykat yiy jot ay neexal**, ñooy yeneen liggéeykat yi, ñu mel ni séddale katu ñam yi ak mbindaan yi, ñiy jot saa suné ay neexal.

Bepp liggéeykat bu nekkul ci otél, ba ci ñiy liggéeyee ci bérab yu ñuy taarale ay tànk, ñiy raxas aka gaare woto yi ak léttkat yi WARNAÑU jot peyoor gu yées gu ñu yoonal gi bamu matt, bu fekkee sax ni dañuy jot ay neexal.

WAXTU YI TEGU CI WAXTU LIGGÉEY YI

Lu ëpp ci liggéeykat yi, warnañu jot peyooru waxtu ak benn-xaaj ci seen peyoor bu waxtu wi ci bépp waxtu buñu liggéey bu ëpp 40 waxtu liggéey ci ayu bés bi.

WAXTU LEKK YI

Jëwriñu liggéeykat yi ci Réewu New York warnañu jox bepp liggéeykat waxtu noppalu ngir lekk, ginaaw bu ñu liggéeyee benn lim bi ci ay waxtu. Ci gattal, jëwriñu liggéeykat yi warnañu jox lu tollu ci 30 simili noppalu yu ñu dul fey, bu fekkee ni liggéeykat bi mi ngi liggéey lu ëpp 6 waxtu.

KAÑ LAÑUY FEY

Yoon yi ñu tërël ci Réewu New York sàkku na ñu fey ñiy liggéeyee ay loxo ci bepp ayu bes, bu dee nak ñiy liggéeyee ci biró yi lu mu neew-neew ñaari yoon ci weer wi.

YÉGLE YU JËM CI LIGGEEYKAT YI

Sàkku na ñu ci jëwriñu liggéeykat yi ñu yéegal liggéeykat yi mbir yi ñuy bëgga lim:

- Kayitu peyoor (tiketu peyoor) buñu bind bepp peyoor buñu jot
- Kayitu Yëgle peyoor, kayitu peyoor bu ñuy xayma peyoor gi ak di ci fesël besu pey gi ànd ak xibaar yi ñeel waxtu liggéey yi ak yelleef yi, lu mel ni waxtu noppalu yi, ndàmpaayi kaarange ci jamonoy ndog-ndog yi, ak yeneeni mbir.
- Yégle dakkal liggéey, muy ab yëgle buñu bind ñeel liggéeykat bi ci biir juroomi fan yi ñu dàkkal liggéey bi

ÑAKKA LIGGÉEY ÑU LAY FEY NGIR FEEBAR

Bepp liggéeykat bu yore liggéeyu jambur (bu aju wul ci nguur gi) ci Réewu New York mi ngi ci suufu kaarange yoon wi ñu tërël ci wàllu ñakka liggéey ñu lay fey ngir feebar. Maanaam am nga sañ-

sañ ci noppalu boo feebaree. Limu waxtu yi ak peyoor gi mi ngi aju ci dayo ligeey bi ngay def. Liggeeykat yépp lañuy àar, ba ci sax ñiy ligeey ci lenn ci ay waxtu.

AY DAAN CI KAW LIGGÉEYKAT YI

Jéebaane sa jëwrin wala ab jalgati yoon mën na niru lu raglu, waaye jëwriñu ligeey yi mënu ñu la teg ay daan ndax li nga ñu yéegal ay jalgati yoon wala jox xibaar waa Banqaas bi yore wàllu Liggéey. Boo jéebaane ab jalgati, sa jëwriñ warula: dàq, dagg sa peyoor wala say waxtu liggéey, yobbu la feneen wala wàccee sa daraja ci wàllu liggéey bi. Bu ñu la xuppe ni dinañu la def dara, dinañu la rapoor, dinañu la dàq wala lu mu mëna doon, yoon daf koy tere.

NDÀMPAAYI NDOG-NDOG YI CI WÀLLU LIGGÉEY

Boo gaañu wee wala nga feebar ci wàllu liggéey bi, am na ndimbal yu ñu la jagleel. Réewu New York sàkku nañu ci jëwriñu liggéeykat yi ñu jox bepp liggéeykat ndàmpaayi kaarange ci jamonoy ndog-ndog, ci lu jotewul dara ak seen bokk ci réew mi wala seen nekkinu doxandeem. Bu fekkee ni nak dangaa am gaañu-gaañu ci wàllu liggéey bi wala jàngoro, ndàmpaayi kaarange ci jamonoy ndog-ndog yi lay àar mooy fey garab yi ak xaaju peyoor gi ci boo mënatula liggéey (wala ngay jot lu yées) ndax sa gaañu-gaañu wala sa jàngoro. Mën nga ci gëna xam dara ci boo yéeré xët bii **wcb.ny.go** wala nga woote ci **877-632-4996**. Mën nañu la dimbali ci jafe-jafe làkk bi bu fekkee ni dangaa soxla ay xibaar ci beneen làkk budul Àngale.

JÉBBAL AB ÑAXTU

Bànqaas buy saytu ci wàllu Liggéey dafay dimbale ligeeykat yi ci ñu jot li ñu leen yoreel bu ñu jotee lu yées peyoor gu yées gu ñu yoonal, saa bu ñu jébbalee ab ñaxtu.

ÑÀKKA FEY PAYOOR

- Sa jëwriñ ci liggéey feyu la benn ci waxtu yi nga liggéey
- Kayit bi ngay feyyeeku wee nanguwuñu ko ndax xaalis bi fi nekk doyul
- Jotu loo benn payooru neexal
- Dañoo waññi sa peyoor te yëgalu ñu la ko ba noppi

ÑÀKKA FEY LU DOLLEEKU CI PEYOOR GI

- Sa jëwriñu liggéey dig na la (ci wax wala ci mbind), payooru waxtu yi nga liggéeyul, payooru waxtu jamonoy bér yi, ay neexal, wala yu ni mel, waaye joxu la ko, ak yeneen ak yeneen

PEYOOR GU YÉES GU ÑU YOONAL/WAXTU YI TEGU CI WAXTU LIGGÉEY YI

- Sa jëwriñu liggéey fey na la lu yées peyoor gu yées gu ñu yoonal.
- Sa jëwriñu liggéey du la fey peyooru waxtu yi gën a ëpp peyoor bu waxtu wi ci waxtu liggéey yi ëpp 40 waxtu liggéey ci benn ayu bés.

PÀCCU YU ÑU BINDUL CI WÀLLU LIGGÉEY BI

- Sa jëwriñu liggéey bindul waxtu lekk yi, fani noppalu yi, kayit yi ngay feyee koo, kayitu yégle kaayi peyoor yi, feyu la ci waxtu wi mu waree, wala di la fexeel ndax li nga ñaxtu.

KAYITU ÑAXTU

dol.ny.gov/LS223-doc

YÓNNE FORMILEERU ÑAXTU BI NGA BIND CI:

NYS DOL, Division of Labor Standards
State Office Campus
Building 12, Room 185B
Albany, NY 12226

Boo soxla wee ndimbal yu gëna yaatu ngir bind sa ñaxtu, nu ngi lay ñaan nga woote ci: **1-888-469-7365**.

Bànqaas bu Yore wàllu Liggéey ci Réewu New York ab Jëwriñ la/ab Porogaraam buy Yemale Ñépp.
Yeneeni ndimbal aki taxawu jàppandi na ci boo ko sàkku wee te doo fey dara bu fekkee boroom laago nga ci TTY/TDD 711 wala 1-800-662-1220 (Àngale) / 1-877-662-4886.